

[LETTERHEAD]

November 16, 2020

Chè Fanmi,

Kòm yon pati nan efò Vil Nouyòk ap kontinye fè pou anpeche COVID-19 pwopaje, ak garanti sante ak sekirite kominote nou an, n ap fè tès COVID-19 pou estaf ak elèv nan lekòl nou an yon fwa pa mwa apati kounye a pou rive nan fen ane lekòl la. Yo fè nou konnen ajans k ap fè tès la ap nan lekòl nou an nan semèn k ap vini an. Tanpri sonje se sèlman elèv lekòl leta Vil Nouyòk soti klas 1ye-12yèm ane ki elijib pou teste.

Jan lèt ki date 29 septanm 2020, ke Chanselye lekòl Vil Nouyòk, Richard Carranza, siyen ansanm ak Direktè Egzekitif Ted Long ki nan New York City Test + Trace Corps, ak Dr. Dave Chokshi, Komisyonè Depatman Sante ak Lijyèn Mantal Vil Nouyòk di sa a, tès la fasil, li rapid ak sennesof. Yon “short swab” (menmjan ak yon aplikatè) ke y ap rantre nan twou nen w pou senk oswa dis segonn. Pita nan ane lekòl sa a, li posib pou yo fè tès la ak yon ti kantite saliv (kracha) yo kolekte.

Se sèlman elèv ak manm estaf nan lekòl ki siyen ak voye fòm konsantman, ki elijib pou fè tès la (schools.nyc.gov/covidtesting). Nou p ap teste pitit ou a si li pa alèz oswa si li vin gen difikilte nan nenpòt moman pandan pwosesis la. Si sa rive, n ap travay avèk ou pou rezoud nenpòt pwoblèm ki ta genyen pou pitit santi li alèz pou patisipe nan pwochen tès n ap fè.

Si nou teste pitit ou a nan lekòl la, n ap ba li enfòmasyon sou pwosesis tès la, lè ak kòman w ap resevwa rezilta yo pou l pote lakay li. Majorite rezilta tès yo ap disponib nan espas 48 èdtan. Si rezilta tès pitit ou a pozitif pou COVID-19, Ajans k ap fè tès la ap avèti w pa telefòn epi NYC Test & Trace Corps ap rele pou bay fanmi w resous ak sipò.

Si nenpòt manm nan kominote lekòl la teste pozitif pandan pwosesis tès la, kominote lekòl nou an pral kontinye swiv prensip ki dekri nan seksyon sante ak sekirite sitwèb la (schools.nyc.gov/RTShealthsafety).

Nou apresye anpil kolaborasyon w ak angajman w pou kenbe kominote lekòl ou a ansekirite ak ansante.

Avèk senserite,
Peter Leddy